

## **BAB III**

### **METODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Metode Panalungtikan**

Tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskripsikeun pangaweruh jeung kamampuh siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda sarta ngadéskripsikeun korélasi antara dua variabel ieu.

Luyu jeung éta tujuan, dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif nya éta salasihiji métode anu dipaké pikeun ngaréngsékeun masalah anu aktual ku jalan nyieun papasingan, ngumpulkeun, nganalisis, jeung napsirkeun data (Surakhman, 1985: 143). Umumna panalungtikan déskriptif mangrupa panalungtikan non-hipotésis. Ku kituna, salian ti métode déskriptif, métode séjénna anu digunakeun ogé nya éta métode korélasi pikeun ngarumuskeun hipotésis sarta nalungtik hubungan dua variabel nu aya dina ieu panalungtikan.

Métode korélasional nya éta studi anu nalungtik hubungan dua variabel atawa leuwih, utamana ngukur variasi dina hiji variabel tumali jeung hiji variabel séjénna.

Ieu panalungtikan ngagunakeun metode korelasional pikeun nangtukeun gedena hubungan antara pangaweruh kana tatakrama basa Sunda (X) jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda (Y), saperti bagan dihandap ieu;

$$X \leftrightarrow Y$$

X = Pangaweruh dina ingetan (*recall*). jeung pemahaman (*comperhension*) kana tatakrama basa Sunda.

Y = Kamampuh dina penerapan (*aplikasi*) kana tatakrama basa Sunda.

### 3.2. Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tapsir kana ieu panalungtikan, perlu aya sababaraha istilah nu kudu dihartikeun. di antarana baé:

- a. Korélasi nya éta hubungan antara variabel nu hiji (X) jeung variabel anu liana (Y) dina panalungtikan. Hubunganana matalikeun antara pangaweruh tatakrama basa Sunda (variabel X) jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda (variabel Y). Lamun variabel pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda aya korélasi, bisa disebutkeun yén beuki réa pangaweruh nu dicangkem ku siswa beuki luhur deui kamampuh siswa dina ngagunakeun éta pangaweruh téa.
- b. Pangaweruh nya éta kanyaho atawa élmu (LBSS, 1985: 563). Ari pangaweruh dina ieu panalungtikan nya éta pangaweruh siswa kana matéri pangajaran tatakrama basa Sunda. Sangkan siswa kanyahoan pangaweruhna, siswa di tés ngeunaan tiori tatakrama basa Sunda. Ieu tés pangaweruh tatakrama basa Sunda ngawengku harti, sajarah gelarna, wangunna jeung conto-contona.
- c. Kamampuh nya éta kabisa dina milampah hiji hal. Kamampuh dina ieu panalungtikan téh nya éta kabisa dina ngagunakeun tatakrama basa

Sunda. Siswa dianggap boga kamampuh dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda, diantaranya baé lamun siswa sanggup ngébréhkeun éta kamampuh dina wangun tinulis. Ari kamampuh siswa dina ieu panalungtikan baris ébréh tina kalimah nu dijieun ku siswa.

### **3.3. Téhnik Panalungtikan**

“Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji tarékah kumaha carana (prosedur) anu kudu dipilampah ku jalan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan nu dipiharep dina panalungtikan bisa kahontal” (Suyatna, 2002:18).

Sangkan data anu diperlukeun bisa kakumpulkeun diperlukeun sajumlah téhnik panalungtikan. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi kapustakaan, jeung survey lapangan. Tehnik studi kapustakaan dipaké pikeun ngadéskripsikeun data anu aya dina buku sumber anu dijadikeun tatapakan. Ari téhnik survey lapangan dipaké pikeun ngumpulkeun data anu aya di lapangan. Data lapangan mangrupa data anu asalna ti siswa.

Dina ngumpulkeun data di lapangan, ngagunakeun téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan pangaweruh jeung kamampuh siswa dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda. Téhnik tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan wangunna tés obyékif jeung tés subyékif (tés uraian). Téhnik nu digunakeun dina ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis statistik.

### 3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data nu diperlukeun dina ieu panalungtikan, digunakeun téhnik tés. Instrumen nu digunakeun téh mangrupa tés obyékif dina wangun pilihan ganda, B- S, ngajodokeun, jeung jawaban singket.

### 3.3.2. Téhnik Ngolah Data

Pikeun ngolah data nu geus aya dilakukeun kalawan maké langkah-langkah saperti di handap ieu:

#### a. Analisis Hasil Tés

##### 1. Ngitung Skor Atah Kotor (SAK)

Ngitung skor atah kotor pikeun soal pangaweruh ku cara ngalikeun jumlah jawaban nu bener jeung bobot soal. Sedengkeun pikeun ngitung skor atah kotor jawaban soal kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda ku cara ngajumlahkeun sakabéh peunteun jawaban ti unggal soal.

##### 2. Ngitung Skor Atah Bersih (SAB)

Ngitung skor atah bersih pikeun jawaban soal pangaweruh ku jalan maké rumus saperti di handap ieu:

$$SAB = \sum B - \frac{\sum S}{n-1}$$

#### **Keterangan:**

$SAB$  = skor atah bersih

$\sum B$  = jumlah jawaban nu bener

$\sum S$  = jumlah jawaban nu salah

$n$  = jumlah alternatif jawaban

3. Ngitung tahap kapercayaan tés

$$MI = \frac{1}{2} x SI$$

4. Ngitung Standar Deviasi Idéal (SDI)

$$SDI = \frac{1}{3} x MI$$

5. Larapkeun Skala 11

**Tabél III.1**  
**Pedoman Konversi Pikeun Skala 11**

Skala Angka	Peunteun (ubahan skala)	Keterangan
$\bar{X} + 2,25(SDI)$	10	Sampurna
$\bar{X} + 1,75(SDI)$	9	Hadé pisan
$\bar{X} + 1,25(SDI)$	8	Hadé
$\bar{X} + 0,75(SDI)$	7	Cukup
$\bar{X} + 0,25(SDI)$	6	Sedeng
$\bar{X} - 0,25(SDI)$	5	Rada sedeng
$\bar{X} - 0,75(SDI)$	4	Kurang
$\bar{X} - 1,25(SDI)$	3	Kurang pisan
$\bar{X} - 1,75(SDI)$	2	Goreng
$\bar{X} - 2,25(SDI)$	1	Goreng pisan

b. Analisis Korélasi Antara Pangaweruh jeung Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda

Ngitung koefisien korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda kalawan maké léngkah-léngkah saperti di handap ieu:

## 1. Ngitung korélasi maké rumus

$$r_{xy} = \frac{\sum XY}{\sqrt{(\sum X^2)(\sum Y^2)}}$$

**Katerangan:**

$r_{xy}$  = koefisien korelasi

$\sum XY$  = jumlah produk X jeung Y

$\sum X^2$  = jumlah kuadrat peunteun X

$\sum Y^2$  = jumlah kuadrat peunteun Y

Sabada ngitung  $r_{xy}$  tuluy diinterpretasikeun kana harga  $r_{xy}$  di handap ieu:

0,80 – 1,00 → luhur pisan

0,60 – 0,80 → luhur

0,40 – 0,60 → cukup

0,20 – 0,40 → handap

0,00 – 0,20 → handap pisan

## 2. Nguji Hipotésis

Nguji hipotésis ngagunakeun rumus:

$$t_{itung} = \frac{r\sqrt{n-2}}{\sqrt{(1-r^2)}}$$

Kriteria nguji hipotésis nya éta lamun  $t_{itung} \geq t_{tabel}$  dina taraf signifikan 5%

hartina aya korélasi nu hadé antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda. Sabalikna lamun  $t_{itung} \leq t_{tabel}$  hartina taya korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda.

Pikeun ngabuktikeun hipotésis nu geus dirumuskeun, data nu geus dikumpulkeun téh tuluy diolah maké sababaraha prosédur di antarana:

#### 1) Analisis kualitas soal

Dina nganalisis kualitas soal pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda ieu, ngawengku uji validitas soal, uji réliabilitas tés, nguji tingkat babarina soal jeung ngitung indéks daya pangbéda soal.

#### 2) Analisis hasil tés

Pikeun nganalisis hasil tés, dilaksanakeun ngaliwatan sababaraha tahap diantarana:

- a) Ngitung skor atah kotor (SAK);
- b) Ngitung skor atah bersih (SAB);
- c) Ngitung tahap kapercayaan tés (MI);
- d) Ngitung standar déviasi Idéal (SDI); jeung
- e) Ngalarapkeun kana skala 11.

3) Analisis korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda.

### **3.4. Populasi jeung Sampel**

#### **3.4.1. Populasi**

Populasi dina ieu panalungtikan téh sagemblengna pangaweruh tatakrama basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeunana. Nu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI nu ngawengku opat kelas.

### **3.4.2. Sampel**

Sampel nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sampel acak sederhana atawa “sample random sampling”. Tehnik acak dilakukeun ku cara sampling acak sederhana (simple random sampling) nya éta ngayakeun lotré kana sakabéh populasi. (Arikunto, 2003:126). Nu dibawa jadi sampelna aya dua kelas tina jumlah kelas nu aya. Jadi, sampel nu rék dipaké panalungtikan nya éta pangaweruh jeung kamampuh siswa kelas VII, nya éta kelas VII C, jeung kelas VII D. Jadi jumlah sakabéh sampel aya 72 urang.

### **3.5. Instrumen Panalungtikan**

Instrumen panalungtikan mangrupa komponen penting tur boga kalungguhan dina nangtukeun hasil henteuna panalungtikan. Ku kituna, kualitas instrumen panalungtikan bakal nangtukeun kana kualitas data anu aya.

Instrumen panalungtikan mangrupa alat dina ngumpulkeun data. Data téh bahan nu kacida pentingna dina ngajawab masalah, ngabuktikeun hipotesis, jeung ngahontal tujuan panalungtikan

#### **3.5.1. Nyusun Instrumen Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data supaya pagaweanna leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sahingga gampang pikeun diolahna (Suharsimi, 1998: 51). Ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun mikanyaho hubungan antara pangaweruh tatakrama basa Sunda jeung kamampuh ngagunakeunana. Ku kituna, data anu dikumpulkeun



ngawengku dua variabel, nya éta variabel pangaweruh tatakrama basa Sunda jeung variabel kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda.

Léngkah-léngkah dina nyieun instrumen téh nya éta:

- 1) nangtukeun bahan tés tina buku Mahér Basa kelas VII (Ahmad Hadi, 2005) jeung buku tatakrama basa Sunda, saperti Bagbagan Makéna Basa Sunda (Yudibrata, 1989);
- 2) nyieun kisi-kisi soal;
- 3) nyieun pananya nu luyu jeung kisi-kisi tés;
- 4) nyieun jawaban tina item-item soal nu dijieun, pikeun soal tés pilihan ganda (jawaban obyékif);
- 5) mariksa tur nyarungsum soal;
- 6) nganalisis hasil, validitas, reliabilitas, tingkat hésé-babarina, jeung tingkat daya pangbéda.

Dina ieu panalungtikan, data anu diperlukeun téh mangrupa déskripsi ngeunaan pangaweruh jeung kamampuh siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung dina ngagunakeun konsep tatakrama basa Sunda. Ku kituna, instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data téh nya éta instrumén nu mangrupa tés hasil diajar tiori tatakrama basa Sunda dina wangun tés obyékif. Tés obyékif diantaranya; pilihan ganda, B – S, ngajodokeun, jeung jawaban singkét.

Instrumén nu digunakeun pikeun ngukur pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda téh ngawengku 10 soal wangun pilihan ganda, 20 soal wangun B – S, 10 soal wangun ngajodokeun, jeung 10 soal wangun jawaban singkét. Jadi, jumlah instrumen pikeun ngukur pangaweruh téh ngawengku 50 soal.

Sedengkeun pikeun ngukur tés kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda mah ngawengku 20 soal esey nya éta nyieun kalimah, nu mangrupa kecap Basa loma, Basa lemes keur sorangan, Basa lemes keur ka batur, jeung Basa kasar.

Kisi-kisi soal diperlukeun sangkan soal nu bakal dijieun téh puguh watesanna jeung leuwih bisa diarahkeun. Kisi-kisi soal nu dimaksud nya éta kisi-kisi soal tés pangaweruh jeung kisi-kisi soal tés kamampuh siswa dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda. Kisi-kisi soal nu dimaksud téh nya éta:

**Tabél III.2**  
**Kisi-kisi Soal Tés Pangaweruh Tatakrama Basa Sunda**

No	Sub. konsep Tatakrama Basa Sunda	Jumlah soal	Pangaweruh Tatakrama Basa Sunda	
			Ingetan	Pemahaman
1.	Tiori Tatakrama Basa Sunda	2	-	9, 20
2.	Tujuan	2	1, 33	-
3.	Wangenan Tatakrama Basa Sunda	1	12	-
4.	Kamekaran Tatakrama Basa Sunda	4	4, 11, 18, 34	-
5.	Wangun Tatakrama Basa Sunda a. Basa loma	9	6, 23, 39	7, 8, 10, 15, 28, 37

	b. Basa lemes	6	3, 27, 31	13, 22, 30
	c. Basa lemes keur sorangan	4	-	2, 19, 29, 36
	d. Basa lemes keur ka batur	16	40	5, 14, 17, 24, 35, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 48, 49, 50
	e. Basa kasar	6	16, 25, 32	21, 26, 38
	Jumlah	50	17	33

**Tabél III.3**  
**Kisi-kisi Soal Tés Kamampuh Ngagunakeun**  
**Tatakrama Basa Sunda**

No	Sub. konsep Tatakrama Basa Sunda	Jumlah soal	Kamampuh ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda
			Aplikasi
1.	Wangun Tatakrama Basa Sunda		
	a. Basa loma	5	1, 5, 9, 13, 17
	b. Basa lemes keur sorangan	5	2, 6, 10, 14, 18
	c. Basa lemes keur ka batur	5	3, 7, 11, 15, 19
	d. Basa kasar	5	4, 8, 12, 16, 20
	Jumlah	20	20

### 3.5.2. Nguji Instrumen Panalungtikan

Data ngabogaan posisi paling luhur dina panalungtikan, sabab data mangrupa déskripsi variabel nu ditalungtik, jeung ngbogaan fungsi salaku alat pikeun ngabuktikeun hipotésis. Ku sabab kitu, bener henteuna data nangtukeun mutu-henteuna hasil panalungtikan. Sedengkeun bener-henteuna data gumantung kana hadé-henteuna instrumen pangumpul data. Suharsimi Arikunto nétélakeun:

“instrumen yang baik harus memenuhi persyaratan penting yaitu valid dan reliabel.”

Ku kituna, pikeun nganyahokeun valid atawa réliabel-henteuna instrumen, kudu aya uji validitas jeung réliabilitas instrumen.

#### 3.5.2.1. Nguji validitas soal

Hiji instrumen valid lamun éta instrumen téh bisa ngukur naon nu rék diukur. Nguji validitan soal maké rumus korélasi product moment kalawan angka kasar saperti dihandap ieu:

$$r_{xy} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{N \sum X^2 - (\sum X)^2\} \{N \sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

$r_{xy}$  = koéfisien korélasi antara variabel X jeung variabel Y, dua variabel nu dikorélasikeun

Hasil tina koéfisien dikonsultasikeun kana tabél harga kritik tabél product moment kalawan tingkat kapercayaan 5%. Kriteria nu digunakeun nya éta lamun

$r_{itung} > r_{tabel}$ , éta soal téh dianggap valid.

Sanggeus kapanggih harga  $r_{xy}$ , tuluy ditafsirkeun kana kriteria validitas

soal:

$0,80 < r_{xy} \leq 1,00$  = validitas luhur pisan

$0,60 < r_{xy} \leq 0,80$  = validitas luhur

$0,40 < r_{xy} \leq 0,60$  = validitas sedeng

$0,20 < r_{xy} \leq 0,40$  = validitas handap

$0,00 < r_{xy} \leq 0,20$  = validitas handap pisan

$r_{xy} \leq 0,00$  = henteu valid

**Tabél III.4**  
**Nguji Vaaiditas**

No soal	$\sum X$	$\sum X^2$	$\sum XY$	$r_{xy}$	Kritéria	Tafsiran
$\sum$						

#### **a. Validitas Soal Pangaweruh Tatakrama Basa Sunda**

Dumasar kana hasil ngitung tingkat validitas soal pangaweruh tatakrama basa Sunda kalayan maké tingkat kapercayaan 5 %,  $r_{tabel} = 0,329$ . Tina jumlah 50 item téh katitén aya 39 (78 %) item soal nu valid nya éta soal nomer 1, 3, 4, 6, 9, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 22, 23, 24, 26, 27, 28, 31, 32, 33, 34, 36, 37, 40, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 48, 49, jeung nomer 50. Sedengkeun nu teu valid aya 11 (22 %) item soal nya éta soal nomer 2,5,7,8,10,21,25,30,35,38, jeung soal nomer 39.

### b. Validitas Soal Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda

Dumasar kana hasil ngitung tingkat validitas soal kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda, tina 20 item téh katitén aya 11 (55 %) item soal nu valid nya éta soal nomer 2, 3, 6, 7, 8, 9, 14, 15, 16, 17, jeung nomer 19. sedengkeun anu teu valid aya 9 (45 %) item soal nu teu valid nya éta soal nomer 1, 4, 5, 10, 11, 12, 13, 18, jeung 20.

#### 3.5.2.2. Nguji Réliabilitas

Réliabilitas instrumén nya éta ketetapan alat évaluasi dina ngukur atawa ketetapan siswa dina ngajawab alat évaluasi éta. Réliabilitas instrumén aya hubunganana jeung masalah kapercayaan. Ku kituna, uji réliabilitas dilaksanakeun pikeun nunjikeun yén éta instrumén téh bisa dipercaya salaku alat pikeun ngumpulkeun data.

Léngkah-léngkah nguji réliabilitas instrumén dina ieu panalungtikan :

1. Nyieun tabél saperti di handap ieu

No. Abs	Skor total	X (soal 1-25)	Y (soal 25-50)	$X^2$	$Y^2$	$XY$
$\Sigma$						

2. Ngitung korélasi antara skor-skor unggul belahan maké rumus *product moment*:

$$r_{\frac{1}{2}\frac{1}{2}} = \frac{N \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{N \sum X^2 - (\sum X)^2\} \{N \sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

3. Pikeun soal kamampuh ngagunakeun/ nyieun kalimah ngagunakeun tatakrama basa Sunda, ngitung koéfisien réliabilitas maké rumus Alpha saperti dihandap ieu:

$$r_{11} = \left[ \frac{k}{k-1} \right] \left[ 1 - \frac{\sum \sigma_b^2}{\sum \sigma^2} \right]$$

**Katerangan:**

$r_{11}$  = reliabilitas instrument

$k$  = jumlah sakabeh soal

$\sum \sigma_b^2$  = jumlah varians tiap item

$\sigma_t^2$  = varians total

**Tabél III.5**  
**Réliabilitas Soal Kamampuh Ngagunakeun**  
**Tatakrama Basa Sunda**

No. Abs	Nomer Soal										Skor Total	Kuadrat Skor Total	
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10			
Jumlah													
Jml Kuadrat													

4. Nafsirkeun harga  $r$  kana indéks korélasi

$0,80 < r_{xy} \leq 1,00$  = luhur pisan

$0,60 < r_{xy} \leq 0,80$  = luhur

$0,40 < r_{xy} \leq 0,60$  = sedeng

$0,20 < r_{xy} \leq 0,40$  = handap

$0,00 < r_{xy} \leq 0,20$  = handap pisan

Harga  $r_{11}$  dikonsultasikeun jeung harga  $r_{tabel}$ . Lamun harga  $r_{11} > r_{tabel}$  kalawan taraf signifikan 5% hartina éta soal téh réliabél.

#### **a. Réliabilitas Soal Pangaweruh Tatakrama Basa Sunda**

Nguji koéfisien réliabilitas pangaweruh tatakrama basa Sunda kalawan ngagunakeun téhnik belah dua. Téhnik belah dua nu digunakeun nya éta ku cara misahkeun hasil tés item skor awal (X) jeung skor ahir (Y).

Dumasar hasil ngitung réliabilitas maké rumus Spearman Brown, harga  $r_{11}$  soal pangaweruh tatakrama basa Sunda téh nya éta 0,625. Harga éta téh tuluy dikorélasikeun kana tingkat kapercayaan 5 % (0,329). Kabuktian yén  $r_{11} > r_{tabel}$ . Ku kituna, éta soal téh réliabel dina tingkat luhur pisan.

#### **b. Réliabilitas Soal Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda**

Dina ngitung réliabilitas soal kamampuh digunakeun rumus Alpha. Dumasar kana hasil itungan, harga  $r_{11}$  ieu soal téh nya éta 0,69. Kabuktian yén  $r_{11}$  leuwih gedé tibatan  $r_{tabel}$  (0,329). Ku kituna soal téh reliabél dina tingkat luhur pisan.

Luyu jeung tiori, yén instrumen pikeun panalungtikan téh kudu réliabél, soal nu dijieun téh kabuktian réliabél dina tingkat luhur pisan. Ku kituna, soal kamampuh téh layak dijadikeun instrumen panalungtikan.



### 3.5.5.3. Nguji Tingkat Babarina Soal

Nguji tingkat babarina soal pangaweruh digunakeun téhnik skor kelompok unggul (SKU) jeung skor kelompok asor (SKA). Unggal kelompok jumlahna nya éta 27% tina jumlah total sampel. Dina ieu panalungtikan jumlah total sampel pikeun uji instrumen téh nya éta 36 siswa, jadi  $27\% \times 36 = 9,75 \approx 10$

$$THB = \frac{SKU + SKA}{N}$$

**Keterangan:**

THB : rasio hésé babarina hiji soal  
 SKU : skor kelompok unggul  
 SKA : skor kelompok asor  
 N : 27% ( Jml kel. Unggul + kel. Asor)

Format tabél nu digunakeun pikeun nguji tingkat babarina soal, saperti dihandap ieu;

No. soal	SKA	SKU	THB	Keterangan

Pikeun nguji tingkat babarina soal kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina wangun uraian pondok, digunakeun rumus:

$$THB = \frac{S_h + S_l - (2N \times Skor_{\min})}{2N (Skor_{\max} - Skor_{\min})}$$

( Nurgiyantoro, 1995:147)

**Keterangan:**

$S_h$  = jumlah skor kelompok unggul  
 $S_l$  = jumlah skor kelompok asor  
 $Skor_{\max}$  = skor maksimal hiji soal  
 $Skor_{\min}$  = skor minimal hiji soal

$N$  = jumlah responden kelompok unggul atawa kelompok asor

Format tabél nu digunakeun pikeun nganalisis tingkat hésé babarina soal uraian singkét saperti di handap ieu;

No. soal	$S_h$	$S_l$	THB	Keterangan

Sedengkeun pikeun nafsirkeun hésé, babarina atawa sedengna soal, digunakeun kriteria nurutkeun Arifin (1988:133) nya éta:

0% - 27% → kaasup hésé

27% - 72% → kaasup sedeng

72% - 100% → kaasup babari

#### a. Tingkat Babarina Soal Pangaweruh Tatakrama Basa Sunda

Hasil ngitung hésé babarina soal katitén soal anu hésé aya 5 (10 %) item, nya éta soal nomer 2, 7, 8, 21, jeung nomer 38. Soal nu kaasup sedeng aya 12 (24 %) item, nya éta soal nomer 5, 9, 10, 22, 23, 24, 30, 31, 33, 34, 36, jeung soal nomer 39. Sedengkeun soal nu kaasup babarina aya 32 (64 %) item, nya éta soal nomer 1, 3, 4, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 25, 26, 27, 28, 29, 32, 35, 37, 40, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 48, 49, jeung nomer 50.

#### b. Tingkat Babarina Soal Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda

Sanggeus ngitung tingkat hésé babarina soal kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda, katitén aya 15 (75 %) item soal nu kaasup sedeng nya éta soal nomer 1, 2, 3, 4, 6, 7, 10, 11, 12, 14, 15, 16, 18, 19, jeung soal nomer 20.

Sedengkeun nu kaasup kategori babari aya 5 (25 %) item soal nu kaasup babari nya éta soal nomer 5, 8, 9, 13, jeung soal nomer 17.

#### 3.5.5.4. Nguji Tingkat Daya Pangbeda

Ngitung daya pangbéda soal, maké rumus:

$$TDP = \frac{SKU - SKA}{n}$$

**Keterangan:**

TDP = rasio daya pangbéda hiji soal

SKU = skor kelompok unggul

SKA = skor kelompok asor

n = jumlah kelompok unggul jeung kelompok asor.

Pikeun nafsirkeun tingkat daya pangbéda, dipaké patokan ti Arikunto

(1990:22) saperti di handap ieu:

0,00 – 0,20 → goréng

0,20 – 0,40 → cukup

0,40 – 0,70 → alus

0,70 – 1,00 → alus pisan

< 1,00 → goreng pisan

Format tabél anu digunakeun dina nganalisis tingkat daya pangbéda soal saperti di handap ieu:

Tingkat daya pangbéda soal pangaweruh tatakrama basa Sunda

No soal	SKA	SKU	TDP	Keterangan

Tingkat daya pangbéda soal uraian digunakeun rumus:

$$TDP = \frac{S_h - S_l}{N(Skor_{maks} - Skor_{min})}$$

**Keterangan:**

$S_h$  = jumlah skor bener kelompok unggul

$S_l$  = jumlah skor bener kelompok asor

$N$  = jumlah responden kelompok unggul jeung kelompok asor

Tabél nu digunakeun dina nganalisis tingkat daya pangbéda soal uraian nya éta;

Tingkat daya pangbéda soal kamampuh tatakrama basa Sunda

No soal	SKA	SKU	TDP	Keterangan

**a. Tingkat Daya Pangbéda Soal Pangaweruh Tatakrama Basa Sunda**

Item soal nu hadé nya éta item anu bisa ngabédakeun antara kamampuh siswa nu luhur/ unggul jeung asor. Tina hasil analisis daya pangbéda soal pangaweruh tatakrama basa Sunda katitén yén nu kaasup soal nu cukup téh aya 24 (48 %) item, nya éta soal nomer 6, 9, 10, 15, 16, 17, 19, 23, 24, 29, 30, 31, 34, 35, 36, 37, 38, 39, 40, 41, 42, 43, 44, jeung soal nomer 46. Item soal nu kaasup goréng aya 26 (52 %) item, nya éta soal nomer 1, 2, 3, 4, 5, 7, 8, 11, 12, 13, 14, 18, 20, 21, 22, 25, 26, 27, 28, 32, 33, 45, 47, 48, 49, jeung soal nomer 50.

## **b. Tingkat Daya Pangbéda Soal Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda**

Hasil ngitung tingkat daya pangbéda soal kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda katitén yén soal nu kaasup kategori cukup aya 4 (20 %), nya éta soal nomer 7, 11, 12, jeung soal nomer 16. Sedengkeun soal nu kaasup goréng aya 16 (80 %) item, nya éta soal nomer 1, 2, 3, 4, 5, 6, 8, 9, 10, 13, 14, 15, 17, 18, 19, jeung soal nomer 20.

### **3.7. Prosedur Panalungtikan**

Léngkah-léngkah anu dipilampah dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah poko nya éta: tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan.

#### **a. Tahap tatahar**

1. nyodorkeun judul panalungtikan;
2. nyusun rarancang panalungtikan;
3. ngayakeun talaah pustaka;
4. nangtukeun sumber data;
5. ngayakeun konsultasi jeung pangaping;

#### **b. Tahap ngumpulkeun data**

1. ngayakeun observasi;
2. ngayakeun tést pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda;
3. ngayakeun tést kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda;
4. ngayakeun konsultasi jeung pangaping;

c. Tahap ngolah data

1. mariksa sakabéh data nu geus kakumpul;
2. ngajén pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda;
3. ngajén kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda;
4. ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan;
5. ngorélasikeun variabel pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda;
6. nyieun kacindekan hasil panalungtikan;
7. ngayakeun konsultasi jeung dosen pangaping;

d. Tahap nyusun laporan

Sakabéh data jeung hasil kacindekan ahir tina ieu panalungtikan satuluyna disusun sarta nyoka kana aturan anu aya dina karangan ilmiah. Anu saterusna disusun jadi skripsi.

